
## नेनाक बाइबिल
### प्रस्तुति



# शताबयवला सँ प्रचारक तक

*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Janie Forest
Alastair Paterson


*रूपान्तरित*: Ruth Klassen

*अनुवाद*: Ashish Paul

*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org


©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.







आरंभिक कलीसिया में परमेश्वर अपन लोकक द्वारा बड़का बड़का काज कएलिन।


एक मनुख जिनक नाम फिलिपुस रहिन ओ सदिखिन भीड़ सँ भरल नगिर यरूशलेम में यीशु कऽ विषय में बतयबाक कारणें व्यस्त रहैत छलाह। मुदा परमेश्वर हुनका उजाड़िस्तान में पठा देलिन। किए?



परमेश्वर जानैत छलाह जे एक
यात्री उजाड़िस्तान में रहैत अछि।
ओ महरानी कैंडस पियाक जे
इथोपियाक छलीह हुनक राजक
एक अधिकारी छलाह। ओ अपन
घर जाएत काल एक विशेष
पोथीक पढ़ि रहल छलाह। कि
अहाँ अंदाज लगा सकैत छी जे
ओ की पोथी छल?
3


जहन
फिलिपुस
परमेश्वरक
आज्ञाक
माननलिन, ओ
हुनका सोझे ओहि
अधिकारीक लग लऽ
गेलिन जे परमेश्वरक वचनक
बिनु समझक पढ़ि रहल छलाह।
ओ फिलिपुस कऽ अपना संगे
अएबाक लेल निमंत्रण देलिन।
4


“एकर अर्थ की भेल“? अधिकारी
फिलिपुसक पूछलिन। जेना जेना हुनक
रथ उजाड़िस्तानक सड़क दऽ कऽ हिलैत
डोलैत जा रहल छल, फिलिपुस, अपन
मुंह खोलि कऽ पवित्र पोथीक पढ़नाई
आरंभ कऽ देलिन, आओर यीशुक
विषय में हुनका बतौलिन।
5


अफ्रिकाक
अधिकारी तुरन्त
पवित्र पोथी बाईबलक
उपर विश्वास कएलाएथि। जे
यीशु मसीह परमेश्वरक पुत थिकाह।
“ओ किछु पानि कऽ देखलिन, आओर
देख कऽ कहलिन, अब हमरा बपतिसमा
लेबय में कि रूकाबट अछि“?
6


जँ फिलिपुस कहलिन जँ अहाँ समपूर्ण हृदय सँ विश्वास
करैत छी तऽ ई भकैछ“। जहन ओ साशक ई उत्तर देलिन,
‘हम ई विश्वास करैत छी त ई भकैछ। जहन ओ साशक
ई उत्तर देलिन, हम ई विश्वास करैत छी जे
यीशु मसीह परमेश्वरक पुत थिकाह“।
फिलिपुस हुनका पानि तक लऽ
गेलिन आओर बपतिसमा दऽ
देलिन।
7


जहन ओ सभ पानि सँ बाहर
निकसलाह, परमेश्वरक आत्मा
फिलिपुसक कतो आनठाम लऽ गेलाह,
तकरा बाद ओ अफ्रीकन प्रसाशक
आगाँ हुनका नहि देखलिन, ओ अपन
देश इथोपिया आनन्द मनाबैत घूरि
अएलाह।
8




मुदा किछु लोक विश्वासी लोकिन सँ घृणा करैत छलाह। स्तिफनुस जे फिलिपुसक मित्र छलाह ओ क्रोधित लोकक द्वारा मारल गेल छलाह किएक तऽ ओ सभ चाहैत रहैथि जे लोक यीशुक विषय में चर्चा नहि करैक। एक मनुख जे तरसिसक रहैथि हुनक नाम शाउल रहिन ओ स्तिफनुसक मारय में हुनका सभक सहायता कएने रहैथि। शाउल समस्त विश्वासी लोक सँ घृणा करैत छलाह।

9



शाउल विश्वासी लोकक लेल एक जीवित खतरा अऽ हत्याक सूत्रधारक जकाँ छलाह। ओ महायाजयक लग जा कऽ एक अधिकार पत्र प्राप्त कएलाह ताकि ओ सत्री अऽ पुरूख पकिड़ कऽ जेल में दऽ सकैथि आओर हुनका सभक सता सकैथि जे सभ यीशुक आज्ञा पऽ चलैत रहैथि।

10




मुदा नादान शाउल एहि बातक नहि जानैत रहैथि जे। मुदा तरसिसक नादान शाउल! ओ एहि बातक नहि जानैत रहैथि जे जहन ओ परमेश्वरक लोकक दुःख दऽ रहल छथि एकर अर्थ भेल जे ओ स्वयं यीशुक दुःख दऽ रहल छथि एकर अर्थ भेल जे ओ छथि यीशुक दुःख दऽ रहल दथि। परमेश्वरक तऽ शाउलक रोकबाक रहिन! मुदा कोनाक?

11




दमिश्क कऽ नगरि जाएत काल, बाटे में हुनका परमेश्वर पकिड़ लेलिन, स्वर्ग सँ परमेश्वर हुनका एकटा बड़का ईंजोत देखौलिन। शाउल जमिन पऽ खैस पड़लाह। तकरा बाद ओ एकटा सोरक सुनिलन।

12




“हे प्रभु अहाँ के छी “ शाउल चिकरलाएथि! हम यीशु छी जिनका अहाँ सता रहलहुँ।“ कांपैत आओर डेराएत शाउल प्रभु सँ पूँछलिन जे अहाँ कि चाहैत छी जे हम करु? आओर प्रभु हुनका कहलिन उठि जाऊँ आओर नगरि में जाऊँ, अहाँक बताबल जाएत जे अहाँक कि आवश्यक रूप सँ करब।


13




जे आदमी शाउलक संगे छलाह ओ भी एहि सोरक सुनिलाएथि, मुदा किनको देखलिन नहिं। शाउल जमिन पऽ उठि कऽ देखलाह जे ओ आंनहर भऽ गेल छथि! ओ हुनका दमिश्क तर्क लऽ गेलिन।


14



शाउल ओतो नगरि में तीन रोज घरि बिनु किछु दाना पानिक आओर बिनु आँखिक ईजोतक छलाह। शायद ओ अपन समय प्रार्थना करय में प्रभु यीशुक संगे बितौलिन जे हुनका सँ दमिश्क कऽ बाट में भेंटाएल रहैथि।
15


परमेश्वर सभ किछु योजना बना कऽ करैत छथिंन्ह। दमिश्क में एक चेला रहैथि जिनक नाम अननिय्यास रहिन। प्रभु हुनका शाउलक सहायता करबाक लेल पठौलिन। हलांकि अननिय्यास डेराएल छलाह मुदा ओ परमेश्वरक आज्ञाक पालन कएलिन। जहन ओ अपन हाथ शाउलक उपर राखिलिन, हुनका अंधापन गाएब भऽ गेलिन आओर शाउल पवित्रआत्मा सँ भरि गेलाह।
16


शाउलक बपतिस्मा भेलिन। अऽ तकरा बाद ओ भोजन कएलाएथि। अऽ जहन हुनका भोजन भेंटलिन, ओ ताकतबर भऽ गेलाह। शाउलक सामर्थ्यक आवश्यकता रहिन। हुनका किछु बहुत जरूरी काज करबाक रहिन।
17


बहुत जल्दीबाजी में यहूदी अराधनालय में शाउल मसीहक प्रचार करलखिंन्ह, जे ओ परमेश्वरक पुत थिकाह। तहन जे केओ हुनका सुनलखिंन्ह आश्चर्य में पड़ि गेलखिंन्ह, आओर बाजलखिंन्ह, “कि ई ओ नहि छथि जे मसीही लोकक नाश करैत छलाह ?“ आओर तकरा बाद किछु लोक शाउलक हत्या करबाक योजना बनौलखिंन्ह।
18


शाउलक नव दुश्मन नगरिक मुख्य द्वारि पऽ ठाड़ भऽ कऽ हुनका हत्या कऽ देबाक लेल ईन्तजार करअ लगलाह, ताकि ओ नगरिक छोड़ि कऽ नहि भागैक। मुदा हुनक नव दोस्त सभ जे मसीही रहैथि हुनका एकटा बड़का टोकरी में बैसा कऽ नगरिक ऊँच देबार पऽ सँ रस्सीक सहारा सँ नीचाँ उतारि देलखिंन्ह।
19


ठीक ओहि काल सँ, शाउल जे मसीही लोकक सताबय बला छलाह अपन नव स्वामीक विश्वास योग्य दास बनि कऽ जीवित रहलाह हुनक नव स्वामी प्रभु यीशु मसीह रहिन।
20

## शताबयवला सँ प्रचारक तक


***परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल***

***अहाँक द्व***

प्रेरितक काज 8-9

***ऋक्का क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता*** 119:130






58

60



*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल ̈कनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह ̈यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह ̈इत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहिं जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहिं वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुली (फाँसी) पर चढाअ ̈ल जाए। आऔर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आऔर अ ̈ फेर द ̈सर जन्म र्स्वग सि ारिं गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्धा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल ̈कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्धा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जााहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु।* *यहुन्ना* 3:16